



## Kijan pou mwen enskri nan yon plan?

🌐 [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov)

**OSWA**

📞 **1-855-355-5777 oswa**

TTY: **1-800-662-1220,**

**OSWA**

ⓘ Atravè èd gratis fas-a-fas nan men yon asistan sètifye tou prè lakay ou oubyen travay ou.

## Èske ou kapab ede mwen lang mwen?

Gen èd ki disponib nan lang ou nan telefòn ak fas-a-fas.

## Kilè mwen ta kapab enskri nan yon plan.

Enskripsyon pou Essential Plan louvri pandan tout ane a.

NY State of Health konfòme ak lwa Eta a ki anplas yo epi li pa fè diskriminasyon vi baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans/relijyon, laj, sèks, eta /sitasyon familyal, dosye arrestasyon, kondanasyon penal, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon jenetik, sitiasyon militè, viktim vyolans nan kay epi/oswa vanjans.

## KÈK TI ENFÒMASYON SOU Essential Plan

### Kisa Essential Plan ye?

Yon plan sante pou Moun New York san frè pa mwa pou moun ki kalifye yo. Epi li ofri menm avantaj enpòtan yo.

### Kiyès ki kalifye?

Moun ki gen revni ki fèb ki pa kalifye pou Medicaid oswa Child Health Plus.

Kantite Moun ki nan kay la	Pifò lajan ou kapab touche
1	\$39,125
2	\$52,875
3	\$66,625
4	\$80,375

### Konbyen li koute?

Frè pa mwa a se \$0 dola pou moun ki kalifye yo.

### Ki lòt fason l ap ede mwen ekonomize lajan?

Li PA GEN FRANCHIZ, poutèt sa plan an ap kòmanse peye pou swen sante ou touswit.

Genyen ladan avantaj swen dan ak swen zye san pataj frè.

W ap resevwa SWEN PREVANTIF GRATIS tankou egzamen woutin doktè ak evalyasyon pou kenbe ou ansante.

### Kisa Essential Plan garanti?

Menm sèvis yo garanti nan lòt plan yo, tankou:

- vizit doktè, tankou espesyalis
- tès doktè ou rekòmande yo
- medikaman sou preskripsiyon
- swen pasyan ki entène ak swen pasyan ki pa entène nan yon lopital
- ak plis bagay toujou.